



واعلموا معاشر الإخوان - أيدنا الله وإياكم - أن خير القلوب وأحبها إلى الله : ما كان نظيفاً نقياً من الباطل والشكوك ، ومعاني الشر كلها ، واعياً للحق والهدى ، ومعاني الخير والصواب .

وفي الحديث : « القلوب أربعة : قلب أجرد فيه سراج يزهر فذلك قلب المؤمن . وقلب أسود منكوس فذلك قلب الكافر . وقلب مربوط على غلافه فذلك قلب المنافق . وقلب مصفح فيه إيمان ونفاق ، فمثل الإيمان فيه مثل البقلة يُمدها الماء العذب ، ومثل النفاق فيه مثل القرحة يمددها القيح والصدید فأی المادتين غلبت عليه ذهب به » .

Lan panjenengan sedaya samiya mangertos duh pakempalanipun para ikhwan – mugi gusti Alloh paring kekiyatan dumateng kula lan panjengan – Sayektosipun manah ingkang paling sahe lan kinasihan dening gusti Alloh punika manah ingkang bersih saking perkawis bathil, kemang-mangan lan sedaya makna keawonan. lan manah ingkang saged madahi perkawis haq. pitedah lan maknaning kesahenan lan keleresan. Wonten salebetipun hadits dipun terangaken, “Ati iku ana papat:1. Ati kang kosong (saking pangunek-unek), kang ana sajeronne ati iku lampu kang bersih/mencorong. Mengkono iku atine wong mukmin.2. Ati ireng kang kewalik. Kang mengkono iku atine wong wong kafir.3. Ati kang den jiret lemeke. kang mengkono iku atine wong munafik.4. Ati kang owah-owah (kang nduweni wajah loro) nang njerone ana iman lan munafik. Mangka utawi sanepane iman ing dalem njerone ati mushofah iku kaya janganan kang dedawakna dening banyu kang tawar, lan sanepane kemunafikan ing dalem sajeronne ati iku kaya bisul kang den dawakna dening nanah (putih) lan nanah kewuk, maka endi bahe asal loro kang nglindih (maring liyane) , maka ngilangaken deweke.

قلت : والظاهر أن هذا القلب الأخير وصف قلوب أهل التخليط والتفريط من عامة المسلمين .

وفي الحديث أيضاً : « إن الإيمان يبدو في القلب لمعة بيضاء ثم تزيد حتى يبيض القلب كله . وإن النفاق يبدو في القلب نقطة سوداء ثم تزيد حتى يسود القلب كله » نسأل الله العافية والوفاء على الإسلام لنا وللمسلمين .

Kula ngendika: Lan kapertelanipun, manah ingkang akhir (manah ingkang nomer 4) punika sifatipun manah tiang ingkang nyampur aduk (pendamel sahe lan awon) lan ahli pepeka, saking tiang awamipun kaum muslimin.

Lan ugi dipun terangaken wonten salebetipun hadits, “ Temen satuhune iman iku pertela nang sajeronne ati cumleret putih nuli tambah-tambah sahingga putih sekabehane ati. Lan temen satuhune nifak iku pertela ing dalem sajeronne ati rupa titik ireng, nuli tambah-tambah sahingga rupa ireng sekabehane ati.

Kita nyuwun dumateng gusti Alloh kewarasan lan pejah netepi agama islam, kangge kita lan sedaya kaum muslimin.

وإنما يزيد الإيمان بالمدائمة على الأعمال الصالحة
والإكثار منها مع الإخلاص لله .

وأما النفاق فزيادته بالأعمال السيئة : من ترك الواجبات ،
وارتكاب المحرمات ، كما قال النبي عليه الصلاة والسلام :
« من أذنب ذنباً نكت في قلبه ، نكتة سوداء ؛ فإن تاب صُقل
قلبه وإن لم يتب زاد ذلك حتى يسودَّ قلبه » . فذلك الرّان الذي
قال الله تعالى : ﴿ كَلَّا بَلْ رَانَ عَلَى قُلُوبِهِمْ مَا كَانُوا يَكْسِبُونَ ﴾ [المطففين :

. [١٤/٨٣

Lan anging pesthine tambahing iman punika kanthi nglanggengaken lan ngatahaken amal saleh sartane ikhlas dateng gusti Alloh.

Wondenten nifak punika tambahipun sebab amal ingkang awon arupi nilar pinten-pinten kewajiban lan nglampahi pinten-pinten perkawis ingkang dipun haromaken. Kados dawuh dalem Kanjeng Nabi Muhammad alaihis sholatu was salam: Sing sapa wonge ngelakoni dosa siji maka ngelabeti/membekas ing dalem atine kelawan titik ireng. Lamon deweke gelem mertobat mangka digosok atine, lamon ora gelem mertobat maka nambah titik irenge mau sahingga atine dadi ireng.

Titik ireng mekaten punikalah ingkang dipun wastani tlutuh/taiyéng ingkang dipun ngendikaaken dening Gusti Alloh Ta'ala : Aja kaya mengkono, balik nlutuhi/naiyéngi/nutupi ingatase atine kaum samu barang kang dewekne kabeh pada kasab/usaha .[QS: al-Muthofifien(83): 14].

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.51 -52)
Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad
Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.